



DIOCESE OF PALM BEACH
P.O. Box 109650
9995 North Military Trail,
Palm Beach Gardens, Florida 33410 - 9650
(561) 775-9595 | Fax (561) 775-7035
mjrodriguez@diocesepb.org

Office of The Diocesan Bishop



4 septanm 2026

Chè sè ak frè nan Kris la:

Fen semèn pwochen an, 12/13 septanm, Dyosèz Palm Beach la pral kolekte lajan pou benefisye Ministè Respekte Lavi ak òganizasyon katolik Charite lokal nou an ak twa pawas nan dyosèz la ki sèvi anpil manm migran.

Mwatye nan dezyèm koleksyon an pral ede efò lokal nou yo pou ankouraje respè pou tout lavi moun atravè lapriyè, ansèyman, aksyon lejislatif ak pwogram pastoral lè nou aplike Pwogram Respekte Lavi a ak Plan Pastoral pou Aktivite Pro-Lavi Konferans Evèk Katolik Etazini an. Ministè a onore karaktè sakre lavi a lè li ogmante konsyantizasyon nan domèn tankou avòtman, swisid asistè pa doktè/etanazi, pèn lanmò, swen nan fen lavi ak byoetik.

Lòt pati koleksyon an pral sipòte pawas St. Philip Benizi nan Belle Glade, St. Mary nan Pahokee ak Holy Cross nan Indiantown. Kominote lafwa sa yo gen gwo popilasyon migran, epi kontribisyon ou ede pawas yo anpil nan sèvi divès bezwen pastoral ak sosyal yo. Repons priyè ak konpasyon ou bay pou koleksyon sa a ap ede chanje lavi moun k ap kriye nan pye Bondye nan bezwen pandan y ap chèche yon kay ki an sekirite pou fanmi yo kap travay di.

Mwen asire ou menm ak tout moun ou renmen yo ke m ap toujou sonje yo nan selebrasyon Ekaristi a, epi mwen rekòmande ou nan entèseksyon plen lanmou Vyèj Mari, Rèn Apot yo, mwen rete...

Sensèman nan Granmèt nou an, Jezikri

Monsenye Manuel de Jesús Rodríguez
Evèk Palm Beac